

Si w konnen yon moun ki
ansent oswa fèk akouchman

ÈSKE W MANDE Kouman

Manman Ye??

DEPRESYON

Aprann ak pale sou
depresyon pandan
gwoès ak apre
akouchman ka ede
amelyore sipò nou bay
fanmi ak repons kominotè.




Kisa Depresyon Perinatal Ye?

Period Perinatal se tan depi kòmansman
gwoès la jiska yon lane apre
akouchman. Depresyon Perinatal se youn
nan konplikasyon medikal ki pi komen
pandand gwoès ak peryòd apre
akouchman. Li sanble ak you peryòd trist,
depresif, ak twoublan.

Kisa Ladeprim Ye?

Ladeprim, oswa depresyon apre
akouchman, se eksperyans santiman
tristès anpil nouvo paran ap fè.
Anjeneral, santiman sa yo tanporè e sa
ka rive a anpil moun pandan semèn apre
akouchman. Lè ladeprim rive, moun ka
santi yo tris, kriye pi souvan ke nòmal,
irite osinon enève, gen anksyete,
pwoblèm dòmi, ak chanjman nan apeti
ki parèt tankou manje mwens ou plis
pase nòmal.



Ladeprim afekte plis pase
mwatye moun pandan pwemye
semèn apre akouchman.

Kisa Depresyon Apre Akouchman Ye?

Depresyon apre akouchman, sa yo konn
rele PPD, se yon kalite depresyonki rive
apre yon moun fè yon tibebe. After
akouchman, moun vin gen anpil
chanjman tankou òmòn, fizik, emosyonèl,
finansye, ak sosyal. Chanjman sa yo ka fè
depresyon rive apre akouchman. Sa
afekte apeprè 1 nan 7 nouvo paran.
Moun ki gen PPD ka vreman emosyonèl,
kriye anpil, santi yo bouke, kò kraze,
koupab, osinon gen enkyetid, epi ka gen
difikilte pran swen tibebe yo. Bon nouvèl
la, gen tretman pou sa ak terapi ak/oswa
medikaman.

Papa yo fè eksperyans depresyon tou.

1 nan chak 25 (4%) papa ak/ou patnè fè
eksperyans depresyonpandan pwemye lane apre
akouchman.



Resous Sipò

- Sèvis vizit adomisil
- Sèvis Sante
- Terapy ou Konsèy
- Fanmi, zanmi, vwazen
- Gwoup sipò
- Sant rekiperyasyon kominotè
- Sèvis Doula
- Randevou prenatal ak apre akouchman
- Sipò moun ak menm sitiyaasyon
- Teknik detant
- Kominote baze sou la fwa

Kisa Ki Sikòz Apre Akouchman?

Sikòz Apre Akouchman (PPP) bay sentòm tankou alisinasyon, paranoia, deliryòm, ak anpil chanjman imè. Moun ki gen PPP ka gen move lide ki ka fè yo fè tèt yo mal ou tibebe yo, ki ka yon ijans sante mantal. Li enpòtan jwenn swen medikal **touswit**.



Si depresyon ap afekte w oswa youn nan moun ou, **rele yon doktè epi mande èd**.

Si w santi sipò a pa ase, tcheke posibilite chanje founisè oswa lòt kalite sipò.

PALE SOU SA! OU PA POUKONT OU!



Anpil moun ap goumen ak depresyon. Pa gen moun pou blame! Gen fason pou jwenn èd ak sipò.

Jwenn initiatif kominotè nan:

www.browardhsc.org



@browardhealthystartcoalition



@browardhsc



@browardhsc




@broward_hsc

Nimewo Telefòn:

(954) 567-7174

Jwenn Èd! Aksege Sipò Èntènasyonal Apre Akouchman pou konn kijan!



Lyi Dirèk Nasyonal Prevansyon Swisid Rele 988

HRSA National Maternal Lyi Dirèk Nasyonal Sante Mantal 1-800-TLC-MAMA

ACOG Committee Opinion No. 757: Screening for Perinatal Depression. (2018). Obstetrics and gynecology, 132(5), e208–e212. <https://doi.org/10.1097/AOG.0000000000002927>

Balaran K, Marwaha R. Postpartum Blues. [Updated 2023 Mar 6]. In: StatPearls [Internet]. Treasure Island (FL): StatPearls Publishing; 2024 Jan-. Available from: <https://www.ncbi.nlm.nih.gov/books/NBK554546/>

Suryawanshi, O., 4th, & Pajai, S. (2022). A Comprehensive Review on Postpartum Depression. Cureus, 14(12), e32745. <https://doi.org/10.7759/cureus.32745>